Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 5 (6988) 2 февраль 2026 с. Итни ШагIбан 1447 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ЧIегIераб хурма бакIари

### СВОялъул рагъухъанасул хъизамалъухъе щвана

**Бакълъулазул нухмалъулев ва «Цогояб Россия» абураб сиясатияб партиялъул бакIалъулаб отделениялъул секретарь Гъалип Гъалипов чIегIераб хурма бакIарулеб заманалда хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи МухIамад Жаватхановасул хъизамалъухъе щвана.**

ХIалтIул сапаралда гьеса цадахъ рукIана районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимов, «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов ва цогидал. Гьединго Бакълъул ракьалде щвана Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министерствоялъул вакилзабиги.



Кавказалъулаб чIегIераб хурмаялъул пайда цIикIкIараб буго: гьеб бечедаб буго витаминаздалъун ва сахлъи цIуниялъе квербакъулел минералаздалъун. Гьеб уна бичизе Дагъистан тун къватIибеги.

Гъалип Гъалиповас баян гьабуна хасаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе гьоркьоса къотIичIеб кумек районалъ гьабулеб бугилан. ВатIан цIунулев МухIамад Жаватханов хIухьбахъиялде вачIине ккола гьал къоязда. Гъалиповас абуна гьев администрациялде ахIизе вугин баркалаялъул кагъат кьезе ва тIуразе хIажатал масъалаби ратани, гьезул бицине.

РакIалде щвезабила, МухIамад Жаватхановас Россиялъул улка цIуниялъул министерствоялъулгун къотIикъай гьабуна 2014-абилеб соналда, тIоцересел къояздаго гIахьаллъана Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялда, гьев мустахIикълъана Жуковасул цIаралда бугеб «Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ» медалалъеги.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ГIАДАМАЛ КЪАБУЛ ГЬАРИ

## ГIорхъаби чIезари, тIабигIияб газ бачин, бюджеталде бачIин цIикIкIизаби

### Росабазул вакилзабигун дандчIвана

Бакълъул мухъалъул муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ва «Цогояб Россия» партиялъул бакълъулазул ракьалда бугеб отделениялъул секретарь Гъалип Гъалиповас къабул гьаруна ЧIикь, Данухъ, ЦIунди-Щабдухъ росабазул гIадамал.

ЧIикьдерил жамагIаталъ борхана 2026-абилеб соналъул бюджеталда гIарац гIолеб гьечIолъиялъул суал. Районалъул нухмалъулес баян гьабуна росдае хайир щвеялъул низам. Гьесул рагIабазда рекъон, гIадамал дагьал росу хIисабалда гьеб росдае цIикIкIараб коэффициент чIезабун букIиналъ районалдаса субсидиязул гIурхъи чIезабун буго.

«БакIалъулал предпринимателаз жидерго бизнесалъул хъвай-хъвагIай росабалъ гьаруни, поселениялъул бюджеталде магъало бачIиналъул хIасилалда бюджет бахунаан. Гьеб хIалтIи нухдаинабиялде кIвар буссинабизе ккола щивас», - ян абуна Гъалиповас.



ГьанжелъизегIан тIурарал суалазухъ ва жакъаги чIикьдерил масъалаби тIуразе буссинабун бугеб кIваралъухъ росдал вакилзабаз баркала загьир гьабуна муниципалитеталъул бетIерасе.

Гьединго данделъиялда гIахьаллъун рукIана «Цогояб Россия» политикияб партиялъул бакълъулазул мухъалда бугеб отделениялъул жавабияв секретарь Шамсудин Шамсудинов, районалъул нухмалъулесул кумекчи ГIали МухIамадгIалиев, администрациялъул вакил ХIайбула ГIабдурахIманов ва цогидал.

Поселениялъул гIорхъи чIезабиялъул, бакIалъулаб администрациялде цо-цо ихтиярал кьеялъул, ракьал хIалтIизариялъул ва цогидал кIвар бугел суалал рорхана ЦIунди-Щабдухъ росдал вакилзабаз. Данхъадерилгун дандбана росулъе тIабигIияб газ щвеялъул суалал тIурай хехлъизари.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гъалип Гъалиповасе – «Хасаб рагъулаб операциялъе кумек гьабуралъухъ» медаль

- 2 гьум.



Данухъе ва цогидал росабалъе тIабигIияб газ бачин

- 2 гьум.



Бакълъулазул бечедаб ракьалъ хасалоги пихь кьола

- 2- гьум.



Волонтёразул центр гIуцIизе – 500 азарго гъурущ

-3- гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе. Инхоса ГIали-ХIажи

№ 5 2 февраль 2026 с.

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# Гъалип Гъалиповасе – «Хасаб рагъулаб операциялъе кумек гьабуралъухъ» медаль

### Шапакъатал цIикIкIаги

**Районалъул бетIер Гъалип Гъалипов мустахIикълъана Россиялъул Минобороналъул «Хасаб рагъулаб операциялъе кумек гьабуралъухъ» медалалъе. Рагъулаб идараялъул рахъалдасан гьеб шапакъат гьесие кьуна Данухъ росдал депутатазул советалъул нухмалъулев ва гьоркьоса къотIичIого СВОялъул мухъалде гуманитарияб кумек щвезабулев Арсен Юнусовас.**



Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна ва абуна гьеб тIолабго районалъе кьураб шапакъат бугин. «СВОялъул гIахьалчагIазе гуманитарияб кумек бакIариялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго киналго районалъул идарабаз: администрациялъул, лъай кьеялъул, медицинаялъул, росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабаз ва киналго ургъел бугел гIадамаз», - ян бицана Гъалип Гъалиповас.

Гумбет районалъул администрациялъул коллективалъ баркана Гъалип Гъалиповасда мустахIикъаб шапакъат щвей ва гьарана гIагараб районалъул цебетIезабиялъул хIалтIулъ нахъеккунги бергьенлъаби.

РакIалде щвезабизе ккола, бакълъулаз бакIарана ва хасаб операциялъул мухъалде битIана кIинусго тоннаялдаса цIикIкIун гуманитарияб кумек.

Хасаб операциялъул гIахьалчагIазул цIарал къватIазда, школазда ва цогидал бакIазда лъолел руго, рагъун руго хварал ВатIан цIунулел ракIалдещвеялъул ахал.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ГIУМРУДУЛ ШАРТIАЛ ЛЪИКIЛЪИЗАРИ

# Данухъе ва цогидал росабалъе тIабигIияб газ бачин

### Ризван Мурадовгун дандчIвана

**«Газпром Межрегионгаз МахIачхъала» гIуцIиялъул генералияв директор Ризван Мурадовгун дандчIвана Бакълъул ракьалъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов. Гьез бицана муниципалитеталъул росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул.**



МелъелтIа, ЦIилик, ЛъаратIа росабалъе щун буго ва гIадамаз пайда босулеб буго тIабигIияб газалдаса. Данухъ, Аргъвани, ЦIияб Аргъвани, Гъадари, Ингишо росабалъе рачун руго поселениязда гьоркьосел газалъул мухъал. Гьеб тайпаялъул цIатари цогидал росабалъе щвезабиялъул хIалтIаби нухдаинаризе хIаракат бахъулеб буго муниципалитеталъул тIалъиялъ.

Данухъ росулъги рагIалде бахъун буго росдада жанир газалъул мухъал рачиналъул хIалтIи. Дандеялъиялда гьоркьоб лъуна гьеб росулъ газалъул цIа бакиялъул суал хехлъизаби.

Гъалип Гъалиповасда цадахъ хIалтIулаб дандеялъиялда гIахьаллъана РЭУялъул нухмалъулев Каримула МухIамадов, муниципалитеталъул архитектураялъул, бакIал раялъул ва ЖКХялъул идараялъул нухмалъулев МухIамад АхIмаднабиев.

**Макка МухIамадова**

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# Бакълъулазул бечедаб ракьалъ хасалоги пихъ кьола

### «ЧIегIераб месед» бакIариялда хурхун пресс-тур

**Кавказалъул чIегIераб хурма бакIариялъул хIалтIаби уна декабралъул ахиралдаса марталъул байбихьуде щвезегIан. Гьеб пихъ гIезабула Дагъистаналъул Гумбет районалъул ЧIиркъатIа, Лъанлъари, Игьали, Инхо росабазул ахазда.**



«Гумбет» медиагруппаялъ гIуцIун букIана чIегIераб хурма бакIариялда хурхун федералиял телеканалазул журналистал гIахьаллъараб «Гумбеталъул хасалил пихъ» абураб пресс-тур. Цебе рехсараб медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна федералиял, регионалиял ва муниципалиял информалатазулгун цадахъ рекъон хIалтIиялъ кумек гьабулин гIагараб районалъул машгьурлъи цIикIкIинабизе ва инвестициялъулал рахъал лъикIлъизаризе.



Бакълъул районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовас бицана чIегIераб хурмаялъул пайдаялъул ва гьеб гIезабиялъул. «30 гектаралда анцIазарго гьветI чIегIераб хурмаялъул гIезабун буго Бакълъул ракьалда. Гьеб пихъ бечедаб буго инсанасе чара гьечIого хIажатал химиялъул элементалгун витаминаздалъун. Гьелда гьорлъ руго калий, кальций, магний, фосфор, йод, витамин А, натрий ва гь. ц. ЧIегIераб хурма хIалтIизабиялъ пайда щола эндокриннияял, рекIел ва цогидал унтаби ругезе. Бакълъул ракьалда бижараб гьеб пихъ битIула Россиялъул цогидал регионазде ва къватIисел улкабазде. Гьединго цIакь машгьураблъун ккола социалиял гьиназда ва цифровияб пространствоялда босулезда гьоркьоб», - ян бицана МухIамад ГIабдулхалимовас.

ЧIегIераб хурмаялъул гьутIбузул борхалъи бахуна 10-15 метралде. Гьеб бачIин бакIаризе хIалтIизабула 6-8 метралъул тIил. Гьеб бакIаризе рахунезул букIине ккола махщел борхалъиялда балансалда чIезе. ГьотIодаса гьинабураб хурма гьитIинал гIаркьалабаздаса бакIаризеги кумекги сабруги хIажалъула. Бигьаго бакIаруларо бакълъулазул «чIегIераб месед».

Пресс-туралда гIахьаллъана «Известия» мультимедиялъулаб информациялъул централдаса, REN TV, Пятый канал абурал федералиял телеканалазул журналистал, НHТ компаниялъул къокьа ва цогидал информалатазул вакилзаби.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Блокадаялъул чед»

### Ленинград фашистаздаса эркен гьабиялъул хIурматалда тадбирал

**КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда 872 къоялъ халат бахъараб Ленинград бахIарчияб къагIидаялъ цIуни ва сверун ккун букIин ракIалде щвезабулаго, бакълъулазул маданияталъул ва библиотекаялъул хъулухъалъул управлениялъ гIуцIана ТIолгороссиялъул «Блокадаялъул чед» абураб акция.**



Гьел тадбирал лъугьун руго гIолилазе патриотикияб тарбия кьеялъул ва тарихияб ракIалдещвей цIуниялъул кIвар бугеб бутIалъун. Бакълъул районалъул музеялда тIоритIана Ленинградалъул блокадаялъул заманалда букIараб гIумруялда хурхарал тематикиял церелъеял.

Гьенире рачIарал гIадамазда рихьизе рес щвана шагьаралъул гIадамаз хIехьарал кварилъаби рихьизарурал суратал, документал ва рукъалъул къайи-цIа. РачIаразе бикьана 125 грамм чадил. ГьедагIан чадил кесек гурони квен щвечIого, захIмат барччана ленинградалъулаз.

«Блокадаялъул чед» абураб тадбиралъ цоги нухалъ ракIалде щвезабуна КIудияб ВатIанияб рагъул ва гьелъул бахIарзазул хIакъалъулъ ракIалдещвеял цIунизе ккеялъул хIажалъи. Гьединалго акциял гIуцIана муниципалитеталъул школазда, маданияталъул идарабазда ва цогидал бакIазда.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# ГIабдурахIман Насрулаевасул чIел

### Хъулухъ борхи бигьалъаги

**ЧIикь росулъа армиялде ахIарав ГIабдурахIман Насрулаев цеве вахъана гьавадулгун десанталъулаб къуватазул 52-абилеб гвардиялъул артиллериялъул бригадаялъул кверзул рагъул чемпионаталда 85 килограммалъул цIайиялда.**



ХIалуцараб къецалдаса хадуб ГIабдурахIманица тIоцебесеб бакI босана, гьес бихьизабуна тIадегIанаб даражаялъул хIадурлъи, хIалбихьи ва бергьенлъи босизе бугеб гьира.

Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас баркана гьеседа мустахIикъаб бергьенлъи ва гьарана бигьаяб рагъулаб хъулухъ, щулияб сахлъи, хадубккунги спорталъулъги рагъулаб ругьунлъиялъулъги церетIеял.

Районалъул бетIерас гьединго кIвар буссинабуна гIолохъанав рагъухъанасул цебетIеялъулъ хъизаналъул бугеб бутIаялде ва баркала загьир гьабуна призывникасул инсуе, ЧIикь росдал АСПялъул бетIер МухIамадбег Насрулаевасе ва гьесул эбелалъе васасе къураб тарбиялъухъ.

**Макка МухIамадова**

ГIАДЛУ-НИЗАМ ЦIУНИ

# Мухтар ГIабдурахIмановасул хIалтIул хIасилазухъ гIенеккана игьелдерил жамагIат

### ГIадлу цIунулесе лъикIаб къимат къуна

**2025-абилеб соналъ гьабураб хIалтIул бицана Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъан (участковый) Мухтар ГIабдурахIмановас жиндир жавабчилъиялда бугеб Игьали росдал гIадамазе.**

Дандеялъиялда гьединго гIахьаллъана Гумбет районалъул жанисел ишазул нухмалъулесул ишал тIуразарулев МухIамад ГIадилгереев, жанисел ишазул хъулухъалъул полковник СагIид Арслангираев, Гумбет мухъалъул жанисел ишазул балугъалъиялде рахинчIезул ишазул отделалъул начальник полициялъул майор ГIалиасхIаб Юсупов, игьелдерил бегавул ГIабдула Сулейманов, РФялъул районалда бугеб ОМВДялъул жамгIияб советалъул нухмалъулев ГIиса Шарапудинов, росдал имам ГIусман Камилов ва цогидал.



Дандеялъиялда Мухтар ГIабдурахIмановас бицана араб заманалда жаниб гьабураб оперативиябгун цIех-рехалъулаб хIалтIул хIасилазул. Хасго кIвар къуна гIолилазул такъсирчилъиялъул профилактикаялде ва росулъ гIадлу-низам цIуниялде.

Гьединго бицана исана гьаризе ругел хIалтIабазул, халкъалъе низам цIунулезул хъулухъазул даража борхизабиялде жеги кIвар буссинабизе букIиналъул. Гьенире рачIараз разилъи загьир гьабуна полициялъул вакиласул хIалтIудаса ва лъикIаб къимат къуна Мухтар ГIабдурахIмановас росулъ рекъел ва гIадлу-низам чIезабиялъулъ лъураб бутIаялъе.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Волонтёразул центр гIуцIизе – 500 азарго гъурущ

### Салман Сурхаев ТIолгороссиялъул конкурсалда бергьана

**«Развитие инфраструктуры для поддержки волонтерства» абураб ТIолгороссиялъул конкурсалда бергьана бакълъулазул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаев. «Добро.Центр» абураб волонтёразулаб центр гIуцIиялъул мурадалда тIобитIараб гьеб къецалда бергьиналъул хIасилалда гьесие щвана 500 азарго гъурщил сертификат, гьеб хIалтIизабизе буго волонтёразулаб иш муниципалитеталда цебетIезабизелъун.**




«ЖамгIият цебетIезе хIаракат бахъулезул къадар цIикIкIинабиялъул хIалтIи гьабиялъе, волонтёразулаб центр гIуцIиялъе ва гьенибе хIажатаб босиялъе хIалтIизабизе буго гьеб сертификат. Районалда кIвар кьолеб буго гIолилазул сиясат, гьезул байбихьиял гIумруялде рахьинариялде. Нахъеги бажарараб гьабизе буго гIолилазул гIумру лъикIлъизарулел шартIал чIезаризе», - ян абуна Сурхаевас.

Абизе ккола, Салман Сурхаев гьединго бергьун вукIана «ГIолохъабазул заман» абураб ТIолгороссиялъул къецалъул регионалияб бутIаялда «ГIолилазул муниципалияв цевехъан» абураб категориялда.

Бакълъулазул бетIер Гьалип Гьалиповас Салман Сурхаевасда баркана бергьенлъи ва гьарана гьесие хадубккунги профессионалияб ва гIумруялъул нухда чIахIиял бергьенлъаби.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ЦIа свинабиялъул дарсал

### Балагьаздаса цIунаги

**МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда цIа свинабулезул идараялъул вакилзабаз жидецаго хIалтIизабулеб техника бихьизабуна ва цIалул идараялда, рокьоб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIакъалъулъ бицана.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана № 45 пожарнияб частаялъул нухмалъулев МухIамадкамил Нажуев, тарбия кьеялъул хIалтIул рахъалъ директорасул заместитель Рамазан МухIамадов, мугIалимзаби, цIалдохъаби. Дандеруссиналда гIахьаллъаразда лъана цIа ккеялдаса цIуниялъул къагIидаби.

Жидерго презентациязда цIа свинабулезул идараялъул вакилзабаз мугIалимзабазда ва цIалдохъабазда ракIалде щвезабуна щибаб кьойил цIодорлъиялъул тадбирал гьари кIвар бугеб иш букIин. Школалъул хIинкъи гьечIолъи кин гIуцIун бугебалиги халгьабуна. ЦIалдохъабазда бихьана цоцалъ рекъон гьеб идараялъул махщалилаз гьабулеб хIалтIи, гьеб тадбиралъ цIалдохъабазда гьоркьоб кIудияб гьира бижизабуна ва цIаялдаса цIуниялъул кIвар бичIчIизе кумек гьабуна.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ГIАДЛУ-НИЗАМ ЦIУНИ

# ЦIодорго рукIа – лъелго хьвадулел

**2026-абилеб соналъул 27-абилеб январалдаса 5-абилеб февралалде щвезегIан Бакълъул районалда тIобитIулеб буго «ЦIодорго рукIа – лъелго хьвадулел!» абураб оперативиябгун профилактикияб тадбир. Гьеб акциялъул мурад ккола нухазда хьвадиялъул къагIидаби лъазари, лъималазул лъукъиял дагьлъизари, лъелго хьвадулел гIадамал гIахьаллъулел нухазда ккарал авариязул къадар ва захIмалъи дагьлъизаби.**

Гьелда бан ГИБДДялъул хIалтIухъабаз кваризабун буго лъелго хьвадулез ва шоферзабаз нухазда хьвадиялъул къагIидаби цIуни. Низам цIунулез патрулирование гьабулел маршрутазда ва гIадамал гIемер ругел бакIазда тIоритIулел руго малъа-хьваял гьариялъул тадбирал.

Лъелго хьвадулезда лъазе ккола ва цIунизе ккола бищунго кIвар бугел къагIидабазул цояб: гьукъун букIуна жиндирго хIинкъи гьечIолъи чIезабичIого нухде гали тIамизе. Нух къотIизе ккола гIицIго нух къотIизе бихьизабараб бакIалда. Контроль гьечIеб, лъелго унел гIадамал хьвадулеб бакIалде аскIоре рачIунел шоферзабазда тIадаб букIуна нухда ругел цогидал хIинкъи гьечIого нух къотIизе рес кьезе ва хIажатаб мехалда машина чIезабизе.

**Бакълъул мухъалда бугеб РФялъул ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев полициялъул подполковник М. А. Адилгереев**

# Ходатайство об установлении публичного сервитута

| | | |
|---|---|---|
| 1 | **АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН»**<br>**(наименование органа, принимающего решение об установлении публичного сервитута)** | |
| 2 | Сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута (далее - заявитель): | |
| 2.1 | Полное наименование | Общество с ограниченной ответственностью «Газпром газификация |
| 2.2 | Сокращенное наименование (при наличии) | ООО «Газпром газификация» |
| 2.3 | Организационно-правовая форма | Общество с ограниченной ответственностью |
| 2.4 | Почтовый адрес (индекс, субъект Российской Федерации, населенный пункт, улица, дом) | 194044, г. Санкт-Петербург, вн. тер. г. Муниципальный округ Сампсониевское, пр-кт Большой Сампсониевский, д. 60, литера А |
| 2.5 | Адрес электронной почты | i nfo@eoggazprom. ru |
| 2.6 | ОГРН | 1217800107744 |
| 2.7 | ИНН | 7813655197 |
| 3 | Сведения о представителе заявителя: | |
| 3.1 | Фамилия | Александров |
| | Имя | Алексей |
| | Отчество (при наличии) | Анатольевич |
| 3.2 | Адрес электронной почты (при наличии) | gsp@gsp. gazprom- i nvestgaz.ru, E.Muratov@eoggazprom.ru |
| 3.3 | Телефон | +7 (87934) 5-54-31, доб. 114, +7 (812) 613-33-00, добавочный 99882 |
| 3.4 | Наименование и реквизиты документа, подтверждающего полномочия представителя заявителя | Доверенность от 14.08.2025 удостоверена Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербург, зарегистрированная в реестре за номером 78/688-н/78-2025-4-1008 |
| 4. | Прошу установить публичный сервитут в отношении земель и земельных участков в целях складирования строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещение строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения: «Распределительный газопровод в с. Верхний Арадирих Гумбетовского района Республики Дагестан», в соответствии с п.2 ст. 39.37 Земельного кодекса РФ. | |
| 5. | Испрашиваемый срок публичного сервитута: 3 (три) года | |
| 6. | Срок, в течение которого использование земельного участка (его части) и (или) расположенного на нем объекта недвижимости в соответствии с их разрешенным использованием будет в соответствии с подпунктом 4 пункта 1 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации невозможно или существенно затруднено в связи с осуществлением деятельности, для обеспечения которой устанавливается публичный сервитут (при возникновении таких обстоятельств) - общий срок строительства 2 месяца. | |
| 7. | Обоснование необходимости установления публичного сервитута: складирование строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещение строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения: «Распределительный газопровод в с. Верхний Арадирих Гумбетовского района Республики Дагестан»:<br>- Программа развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период 2021-2025 годы;<br>- Соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПЛО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе;<br>концепция участия Г1АО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57;<br>- Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута»;<br>- Проект Организации строительства, 3997.002.П.0/0.1293-ПОС;<br>- Обоснование необходимости установления публичного сервитута при отсутствии документов, предусмотренных подпунктами 1 и 2 пункта 2 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8. | Сведения о правообладателе инженерного сооружения, которое переносится в связи с изъятием земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также о правообладателе инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкция, капитальный ремонт которого (реконструкция, капитальный ремонт участков (частей) которого) осуществляются в связи с планируемым строительством, реконструкцией, капитальным ремонтом объектов капитального строительства, в случае, если заявитель не является правообладателем указанного инженерного сооружения (в данном случае указываются сведения в объеме, предусмотренном строкой 2 настоящей формы) (заполняется в случае, если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции его участка (части), которое переносится в связи с изъятием такого земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции, капитального ремонта инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции, капитального ремонта его участков (частей): не требуется к заполнению | | | |
| 9. | Кадастровые номера земельных участков (при их наличии), в отношении которых подано ходатайство об установлении публичного сервитута, адреса или иное описание местоположения таких земельных участков | 05:25:000012:220 | Республика Дагестан, Гумбетовский р- н, с. Верхний Арадирих, ул. Победы |
| | | 05:25:000012:221 | Республика Дагестан, Гумбетовский р- н, с. Верхний Арадирих, ул. Победы |
| | | 05:25:000012 | Республика Дагестан, р-н. Гумбетовский |

10 Право, на котором инженерное сооружение принадлежит заявителю (если подано ходатайство об установлении публичного сервитута для реконструкции, капитального ремонта или эксплуатации указанного инженерного сооружения, реконструкции или капитального ремонта участка (части) инженерного сооружения. являющегося линейным объектом) (предоставление правоустанавливающих документов па линейный объект не требуется в случае, если ходатайство об установлении публичного сервитута подано в соответствии со статьей 3.9 Федерального закона от 25 октября 2001 г. N 137-ФЗ «О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации): не требуется к заполнению

**(Продолжение - на 5 стр.)**

(Начало - 4 стр.)

| | | |
|---|---|---|
| 11 | Сведения о способах представления результатов рассмотрения ходатайства: | |
| | в виде электронного документа, который направляется уполномоченным органом заявителю посредством электронной почты | Да |
| | в виде бумажного документа, который заявитель получает непосредственно при личном обращении или посредством почтового отправления | Да |
| 12 | Документы, прилагаемые к ходатайству: | |

1. Сведения о границах публичного сервитута, включающие графическое описание местоположения границ публичного сервитута и перечень координат характерных точек этих границ в системе координат, установленной для ведения Единого государственного реестра недвижимости (в форме электронного документа);
2. Копия доверенности от 14.08.2025 удостоверена Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербург, зарегистрированная в реестре за номером 78/688-н/78- 2025-4-1008;
3. Проект Организации строительства, 3997.002.П.0/0.1293-ПОС;
4. Обоснование необходимости установления публичного сервитута при отсутствии документов, предусмотренных подпунктами 1 и 2 пункта 2 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации.

| | | |
|---|---|---|
| 13 | Подтверждаю согласие на обработку персональных данных (сбор, систематизацию, накопление, хранение, уточнение (обновление, изменение), использование, распространение (в том числе передачу), обезличивание, блокирование, уничтожение персональных данных, а так же иных действий, необходимых для обработки персональных данных в соответствии с законодательством Российской Федерации), в том числе в автоматизированном режиме. | |
| 14 | Подтверждаю, что сведения, указанные в настоящем ходатайстве, на дату представления ходатайства достоверны; документы (копии документов) и содержащиеся в них сведения соответствуют требованиям, установленным статьей 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации „ | |
| 15 | Подпись: | |

# Ходатайство об установлении публичного сервитута

| | | |
|---|---|---|
| 1 | **АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН»**<br>**(наименование органа, принимающего решение об установлении публичного сервитута)** | |
| 2 | Сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута (далее - заявитель): | |
| 2.1 | Полное наименование | Общество с ограниченной ответственностью «Газпром газификация |
| 2.2 | Сокращенное наименование (при наличии) | ООО «Газпром газификация» |
| 2.3 | Организационно-правовая форма | Общество с ограниченной ответственностью |
| 2.4 | Почтовый адрес (индекс, субъект Российской Федерации, населенный пункт, улица, дом) | 194044, г. Санкт-Петербург, вн. тер. г. Муниципальный округ Сампсониевское, пр-кт Большой Сампсониевский, д. 60, литера А |
| 2.5 | Адрес электронной почты | info@eoggazprom.ru |
| 2.6 | ОГРН | 1217800107744 |
| 2.7 | ИНН | 7813655197 |
| 3 | Сведения о представителе заявителя: | |
| 3.1 | Фамилия | Александров |
| | Имя | Алексей |
| | Отчество (при наличии) | Анатольевич |
| 3.2 | Адрес электронной почты (при наличии) | gsp@gsp.gazprom-investgaz.ru, E.Muratov@eoggazprom.ru |
| 3.3 | Телефон | +7 (87934) 5-54-31, доб. 114, +7 (812) 613-33-00, добавочный 99882 |
| 3.4 | Наименование и реквизиты документа, подтверждающего полномочия представителя заявителя | Доверенность от 14.08.2025 удостоверена Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербург, зарегистрированная в реестре за номером 78/688-н/78-2025-4-1008 |
| 4. | Прошу установить публичный сервитут в отношении земель и земельных участков в целях строительства и эксплуатации линейного объекта системы газоснабжения: «Распределительный газопровод в с. Верхний Арадирих Гумбетовского района Республики Дагестан», в соответствии с п.1 ст. 39.37 Земельного кодекса РФ. | |
| 5. | Испрашиваемый срок публичного сервитута: 49 (сорок девять) лет | |
| 6. | Срок, в течение которого использование земельного участка (его части) и (или) расположенного на нем объекта недвижимости в соответствии с их разрешенным использованием будет в соответствии с подпунктом 4 пункта 1 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации невозможно или существенно затруднено в связи с осуществлением деятельности, для обеспечения которой устанавливается публичный сервитут (при возникновении таких обстоятельств) - общий срок строительства 2 месяца. | |

(Продолжение - на 6 стр.)

# Ходатайство об установлении публичного сервитута

(Начало- на 5 стр.)

| | |
|---|---|
| 7. | Обоснование необходимости установления публичного сервитута: строительство и эксплуатация линейного объекта системы газоснабжения: «Распределительный газопровод в с. Верхний Арадирих Гумбетовского района Республики Дагестан»:<br>- Программа развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период 2021-2025 годы;<br>- Соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе;<br>- концепция участия Г1АО «Газпром» в газификации регионов РФ. утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57;<br>- Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута»;<br>- Проект Организации строительства, 3997.002.П.0/0.1293-ГЮС;<br>- Обоснование необходимости установления публичного сервитута при отсутствии документов, предусмотренных подпунктами 1 и 2 пункта 2 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации |

8 Сведения о правообладателе инженерного сооружения, которое переносится в связи с изъятием земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также о правообладателе инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкция, капитальный ремонт которого (реконструкция, капитальный ремонт участков (частей) которого) осуществляются в связи с планируемым строительством, реконструкцией, капитальным ремонтом объектов капитального строительства, в случае, если заявитель не является правообладателем указанного инженерного сооружения (в данном случае указываются сведения в объеме, предусмотренном строкой 2 настоящей формы) (заполняется в случае, если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции его участка (части), которое переносится в связи с изъятием такого земельного участка для государственных или муниципальных нужд, а также если ходатайство об установлении публичного сервитута подается с целью установления публичного сервитута в целях реконструкции, капитального ремонта инженерного сооружения, являющегося линейным объектом, реконструкции, капитального ремонта его участков (частей): не требуется к заполнению

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9. | Кадастровые номера земельных участков (при их наличии), в отношении которых подано ходатайство об установлении публичного сервитута, адреса или иное описание местоположения таких земельных участков | 05:25:000012:220 | Республика Дагестан, Гумбетовский р- н, с. Верхний Арадирих, ул. Победы |
| | | 05:25:000012:221 | Республика Дагестан, Гумбетовский р- н, с. Верхний Арадирих, ул. Победы |
| | | 05:25:000012 | Республика Дагестан, р-н. Г умбеговский |

| | | |
|---|---|---|
| 10 | Право, на котором инженерное сооружение принадлежит заявителю (если подано ходатайство об установлении публичного сервитута для реконструкции, капитального ремонта или эксплуатации указанного инженерного сооружения, реконструкции или капитального ремонта участка (части) инженерного сооружения. являющегося линейным объектом) (предоставление правоустанавливающих документов на линейный объект не требуется в случае, если ходатайство об установлении публичного сервитута подано в соответствии со статьей 3.9 Федерального закона от 25 октября 2001 г. N 137-ФЗ «О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации): не требуется к заполнению | |
| 11 | Сведения о способах представления результатов рассмотрения ходатайства: | |
| | в виде электронного документа, который направляется уполномоченным органом заявителю посредством электронной почты | Да |
| | в виде бумажного документа, который заявитель получает непосредственно при личном обращении или посредством почтового отправления | Да |
| 12 | Документы, прилагаемые к ходатайству:<br>1. Сведения о границах публичного сервитута, включающие графическое описание местоположения границ публичного сервитута и перечень координат характерных точек этих границ в системе координат, установленной для ведения Единого государственного реестра недвижимости (в форме электронного документа); Копия доверенности от 14.08.2025 удостоверена Бых Ириной Ивановной, нотариусом нотариального округа Санкт-Петербург, зарегистрированная в реестре за номером 78/688-н/78- 2025-4-1008.<br>1. Проект Организации строительства. 3997.002.П.0/0.1293-ПОС;<br>2. Обоснование необходимости установления публичного сервитута при отсутствии документов, предусмотренных подпунктами 1 и 2 пункта 2 статьи 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации<br>3. График выполнения работ.<br>4. Перечень земельных участков, в отношении которых устанавливается публичный сервитут и его границы. | |

| | |
|---|---|
| 13 | Подтверждаю согласие на обработку персональных данных (сбор, систематизацию, накопление, хранение, уточнение (обновление, изменение), использование, распространение (в том числе передачу), обезличивание, блокирование, уничтожение персональных данных, а так же иных действий, необходимых для обработки персональных данных в соответствии с законодательством Российской Федерации), в том числе в автоматизированном режиме. |
| 14 | Подтверждаю, что сведения, указанные в настоящем ходатайстве, на дату представления ходатайства достоверны; документы (копии документов) и содержащиеся в них сведения соответствуют требованиям, установленным статьей 39.41 Земельного кодекса Российской Федерации |
| 15 | Подпись: |

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкалъ къимат кьезелъун.